# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आजु गोरखपुर में सैनिक स्कूल क उद्घाटन कइलें। उद्घाटन समारोह के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि सिक्षा बदलाव ले अइले क एगो ससक्त माध्यम हौ। ई समाज से बुराइयन अउर कुरीतियन के खतम करे ले। उपराष्ट्रपति नया बनल स्कूल के बुनियादी ढांचा क सराहना करत कहलें कि येह सैनिक स्कूल में श्रेस्ठ सुविधा हवे, जवन देस क अउरियो सैनिक स्कूलन अउर मिलिट्री स्कूलन बदे एगो उदाहरण हौ।

***पूर्वांचल कितना महत्वपूर्ण अंग है उत्तर प्रदेश का और यहां की प्रथम सैनिक स्कूल और ऐसी सैनिक स्कूल जिसका ढांचा अद्भुत है मैं सैनिक स्कूल में पला–बढा हूं। मैंने अनेक स्कूलों में जाकर, मिलिट्री स्कूल में जाकर ढांचा देखा है आपने जो करिश्मा यहां किया है वह भविष्य की पीढ़ी का निर्माण का एक रास्ता है जो पूरे देश को दिखाएगा।***

राज्य सरकार के कार्यन क प्रसंसा करत उपराष्ट्रपति कहलें कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पूरा उत्तर प्रदेस क तसबीर बदलि दिहले हवें। कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि गोरखपुर, नेपाल पश्चिमी बिहार अउर पूर्वांचल क्षेत्र में रहे वाली करीब तीनि करोड़ क अबादी बदे सिक्षा अउर स्वास्थ्य सुविधा क केन्द्र हौ।

गोरखपुर कई क्षेत्रन में पूरबी उत्तर प्रदेस क विकास के नया पहिचान दे रहल हौ अउर ई अब एगो सपना वाली जगहि हौ। ई सैनिक स्कूल क्षेत्र के सिक्षा परिदृस्यो में खास भूमिका निभाई।

समारोह में सामिल भइले के बाद उपराष्ट्रपति अपने पत्नी के साथे गोरखनाथ मंदिर गइलें अउर ओइजा गुरू गोरक्षनाथ क दरसन–पूजन कइलें। मंदिर में मुख्यमंत्री उन्हें अउर उनके पत्नी के स्मृति चिन्ह दे के सम्मानित कइलें।

गोरखपुर से उपराष्ट्रपति चित्रकूट गइलें। ओइजा उहां के जगद्गुरु रामभद्राचार्य दिव्यांग राज्य विश्वविद्यालय में आधुनिक जीवन में ऋषि परंपरा बिसय पर आयोजित तीनि दिन ले चले वाला राष्ट्रीय संगोस्ठी क उद्घाटन सत्र में मुख्य अतिथि के रूप में हिस्सा लिहलीं।

**********

लखनऊ क चौधरी चरण सिंह हवाई अड्डा से तेरह सितंबर से दक्षिण–पूर्व एशिया क देस मलेसिया बदे सोझे उड़ान सेवा सुरू हो जाई। येह उड़ान के जरिये लखनऊ से मलेसिया क राजधानी कुआलालमपुर पहुंचल असान हो जाई। जनकारी देत लखनऊ एयरपोर्ट क प्रवक्ता बतवलें कि लखनऊ से हप्ता में तीनि दिन सोम्मार, बुद्ध अउर सुक्क के सबेरे दस बजे उड़ान भरल जाई। कुआलालमपुर से वापसी में फ्लाइट लखनऊ के एयरपोर्ट पर राति नौ बजि के पचीस मिनट पर पहुंची। प्रवक्ता बतवलें कि एके ले के लखनऊ हवाई अड्डा से अन्तर्राष्ट्रीय उड़ान क संख्या बीस हो जाई।

**********

प्रदेस में कलाकारन के तरियन साहित्यकारनों के पिनसिनि दीहल जाई। साठि बरिस क उमिरि पूरा कइ चुकल साहित्यकारन के पिनसिनि के रूप में हर महिन्ना दुइ हजार रूपिया मिली। पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह काल्हि लखनऊ में इंदिरा गांधी प्रतिस्ठान में आयोजित कवि कुंभ में एकर घोसणा कइलें।

**********

प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार दुइ हजार पचीस बदे नामांकन जमा करे क आखिरी तारीख येह महिन्ना क पनरह तारीख हौ। ई पुरस्कार हर सालि जनौरी में महिला अउर बाल विकास मंत्रालय की ओरि से आयोजित कइल जाला अउर येह सालि छब्बीस दिसम्बर के बीर बाल दिवस पर एकर घोसणा कइल जाई।

**********

प्रदेस भर में गणेश चतुर्थी क तिउहार आजु सरधा–भक्ती अउर हंसी–खुसी के वातावरण में मनावल जा रहल हौ। बुद्धि, समृद्धि अउर सौभाग्य क प्रतीक येह तिउहार पर लोगि भगवान गणेश क पूजा–अर्चना कइ रहल हवें। येह मौका पर बनारस में श्री काशी विश्वनाथ धाम में ढेरि संख्या में सरधालु पहुंचलें अउर भगवान क विधि–विधान से पूजा कइलें। अमरोह में आजु से छौ दिन ले चले वाला श्री गणेश महोत्सव के आयोजन क सुरूआत भइल। जिला क बेगम सराय में भगवान श्री गणेश क मुरती क स्थापना के बाद आरती के साथे उत्सव सुरू भइल। ढेरि सरधालु अपने घरन में सुख अउर सृद्धि क देवता भगवान गणेश क मुरती के स्थापित कइ के चतुर्थी पूजन कइ रहल हवें।

**********

हाथरस जिला क राष्ट्रीय राजमार्ग तिरानबे पर चन्दपा थान्हा क्षेत्र में मीतई गांव के लग्गे काल्हि भइल रोडवेज क एगो बस अउर चारपहिया गाड़ी में आमने–सामने से टक्कर हो गइल। येह दुरघटना में चारपहिया गाड़ी में सवार चारि लइकन के साथे सतरह जने क मउति हो गइल जबकि कई जने अउरियो घाही हो गइले। मरे वालन में एक्के परिवार क पनरह लोगि सामिल हवें। पुलिस बतवलसि कि चारपहिया गाड़ी में सवार लोगि तेरही संस्कार में सामिल हो के आगरा के खन्दौली क्षेत्र के गांव सेमरा वापिस लवटत रहलें। ओहां क जिलाधिकारी बतवलें कि दुरघटना ओवरटेककइले के कोसिस में भइल। ओहर, राष्ट्रपति दौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना में भइल लोगिन के मउति पर गहरा सोक जतवले हवें। प्रधानमंत्री अउर मुख्यमंत्री मृतकन क परिजन के दुइ–दुइ लाख रूपिया अउर घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क अनुग्रह रासि देवे क घोसणा कइले हवें

**********